

Kushamwaridzana Zvakanaka Paindaneti

Vadzidzi vachaongorora zvinhu zvinodiwa pakushamwaridzana zvakanaka uye zvine mutsa, uye kuti zvinoitwa paindaneti zvinganakisa kana kukanganisa sei ushamwari. Vadzidzi vachaongororawo mikana uye matambudziko angavapo pakushamwaridzana paindaneti, vachiita izvi nevezera ravo vodzidza kuzvimiririra pashamwari dzezera ravo.

Kutaura Mashoko Anoratidza Ushamwari

Chikamu Chekutanga

Mutambo Wekirasi

Vadzidzi ngavaite denderedzwa.

Udza Vadzidzi Vako

Nhasi, ndiri kuda kutaura nezvekuti zvatinoita paindaneti zvinochinja sei ushamwari hwedu. Tichataurawo nezvekuti ungaita sei kuti “umiririre” vamwe, toona patingada kubatsira shamwari dzedu pamatambudziko avanosangana pakushamwaridzana.

Bvunza Vadzidzi Vako

Ndiani akambonzwa mashoko ekuti “gudzamudungwe” kana kuti “mumiririri”?
Mashoko aya anorevei kwauri?

Mutambo Wekirasi

Inzwa mhinduro 2-3.

Udza Vadzidzi Vako

Sezvawataura, gudzamudungwe munhu uya anoona chimwe chinhu chichiitika. Pabasa ratichaita nhasi, tiri kutaura nezvechinhu chinoitika chinokanganisa ushamwari. Mumiririri munhu anoita chinhu chinobatsira — zvakadai sekutsigira anenge akanganisirwa wacho, kubatsira kuita kuti zvisaramba zvichiitika, kana kuti nedzimwe nzira, zvichienderana nemamiriro anenge akaita zvinhu.

Chikamu Chechipiri

Udza Vadzidzi Vako

Ngatichitaurai nezveushamwari: chekutanga, tinofanira kuziva kuti “ushamwari” ishoko rinoreva zvakawanda chose. Asi panyaya yatiri kutaura nezvayo, tichatsanangura “ushamwari” kureva vanhu vaviri vanozivana. Semuenzaniso, unogona kunge uchizivana nevamwe vezera rako nekuti muri shamwari, munodzidza mose, kana kuti muri nhengo dzemutambo wamuita mapedza chikoro (sekuti kirabhu yemafirimu). Pese patinotaura nezvekushamwaridzana zvakanaka, panobuda mubvunzo wakaoma kupindura uyu: “Chaizvo chaizvo, chii chinonzi kushamwaridzana zvakanaka?” Munhu wese ane mafungiro ake panyaya iyi, uye pane mhinduro dzakawanda dzinobatsira.

Kuti tese tifambirane, ngatitaurei mashoko angatsanangura kushamwaridzana

kwakanaka — shamwari, vatinodzidza navo, chero humwe hushamwari hwatinoziva!
Tose tinoziva kuti zvinhu zvinogona kumbokanganisika pashamwari, saka ngatitaurei
zvinhu zvakanaka zvinoitika paushamwari hwakasiyana-siyana hwacho.

Ngatimbotambai kamutambo. Patiri kuita denderedzwa, mumwe nemumwe
ngaataure shoko rinotsanangura ushamwari hwakanaka. Regai nditange ini.
Ndinofunga kuti kushamwaridzana kunogona _____ (kutsigira, kuva
nehanya, kuva nemutsa, nezvimwewo.).

Mutambo Wekirasi

Nyora zvinenge zvataurwa nevadzidzi pabepa guru.

Udza Vadzidzi Vako

Magona! Maita basa nepfungwa dzenyu! Ngationgororei mashoko aya.

Bvunza Vadzidzi Vako

Tinobvumirana nawo here?

Mune zvimwe zvekuwedzera here?

Kubva pamashoko aya, pane angatipa mutsetse mumwe chete wemashoko here,
achitsanangura chinonzi kushamwaridzana zvakanaka?

Batsira kirasi kuti ibude netsananguro imwe chete yechinonzi kushamwaridzana
zvakanaka.

Kufamba Muchiona

Chikamu Chekutanga

Mutambo Wekirasi

Ronga vadzidzi muzvikwata zvevaviri vaviri.

Udza Vadzidzi Vako

Iye zvino tava kuziva zvinhu zvakati wandei zvatingafunga nezvazvo maererano neunhu hunodiwa 'paushamwari hwakanaka,' ngatichimbochinjai totarisa zvakaitika kwatiri pachedu tiri paindaneti.

Mutambo Wekirasi

Nyora mubvunzo mumwe chete pane iri pazasi apa paposita wonamira maposita mukamuri rose.

Mibvunzo Inogona Kunyorwa Pamaposita:

1. Ndiani waunokurukura naye uchishandisa zvigadzirwa?
2. Unoshandisa nzvimbo dzipi kana mawebhusayiti paunenge uchikurukura nevamwe vanhu?
3. Indaneti nemafoni anotakurika (akadai sematebhureti nemafoni) akakupa mukana upi wekutsvaga uye kuva neshamwari dzakanaka?
4. Unokwanisa kugara uchikurukura nevanhu sei uchishandisa zvigadzirwa zvemagetsi nemakombiyuta?
5. Matambudziko api anovapo pakushandisa Indaneti neruzivo pakuva neshamwari uye kuramba uine shamwari dzakanaka?
6. Ndezvipi zvakamboitika kwauri kana zvawakaona zvichiitika zvichibva pane zvakanga zvaiswa paindaneti?

Udza Vadzidzi Vako

Ndichapa chikwata chevaviri vaviri tumapepa nechinyoreso. Pane mibvunzo iri pamaposita akapoterredza kamuri. Kana ndakupai zvekushandisa zvenyu, munogona kutenderera pamaposita. Nyorai mhinduro dzenyu patumapepa monamira pamaposita. Kana muine mhinduro dzakawanda pamubvunzo mumwe chete, nyorai mhinduro yega yega pakapepa monamira paposita. Une maminiti 8:

Nakidzwai!

Mutambo Wekirasi

Kana vadzidzi vapedza, tora maposita wounganidza pamwe chete.

Bvunza Vadzidzi Vako

Ndedzipi mhinduro dzapihwa nevakawanda pamibvunzo iyi?

Pane zvaunofunga kuti hazvipo here?

Pane zvimwe zvakafanana zvawacherechedza here?

Zvigadzirwa zvakachinja sei ukama hwako neshamwari dzako?

Zvigadzirwa zvarerutsa zvinhu here kana kuti zvakaomesa zvinhu? Nemhaka yei?

Nhaurirano Yechiitiko

Nhaurirano

Udza Vadzidzi Vako

Tava kukurukura chiitiko chakabatana neruzivo rwekugadzira zvinhu uye ushamwari chinonzi “kutumira mameseji akawandisa.”

Pane anoziva chinonzi “kutumira mameseji akawandisa” here?

Mutambo Wekirasi

Inzwa mhinduro 2-3.

Udza Vadzidzi Vako

Kutumira mameseji akawandisa kunoitika kana munhu akatumira mumwe mameseji akawandisa zvekuti ari kutumirwa wacho anobva apererwa.

Bvunza Vadzidzi Vako

Pane akambotumirwa mameseji akawandisa here?

Dai uriwe uri kutumirwa mameseji akadaro, ungaita sei? Nemhaka yei?

Ngatiti imwe yeshamwari dzako youya kwauri ichiti iri kusangana nedambudziko iri, ungamupa zano rekuti kudii? Pane zvaungaita here? Ndezvipi zvinhu zvakasiyana-siyana zvaungaita?

1. Enderera mberi: Kuita izvi kuti ubatsire shamwari yako ndiko kunonzi kuva “mumiririri.”

Bvunza Vadzidzi Vako

Chii chingatadzisa mumwe munhu kuti ade kubatsira shamwari yake?

Ngatiti imwe yeshamwari dzako youdza shamwari yayo kuti irege kumutumira mameseji akawandisa. Chii chinoitika kana shamwari yake ikatanga kuuya kumba kwake nguva dzese, ichida kumuona? Zviri kuita sekuti dambudziko racho rava kutowedzera, uye tingati rava kuenderera “semoto wesango.” Ungapa shamwari yako zano rekuti kudii kana dambudziko iri rikaenderera mberi?

Kana dambudziko rikaenderera mberi zvechokwadi, unenge uchiri kukwanisa kumiririra shamwari yako sezvawamboita pekutanga here? Ndezvipi zvaungaita iye

zvino kuti umumiririre?

Udza Vadzidzi Vako

“Kutumira mameseji akawandisa” ungori muenzaniso mumwe chete weapo zvigadzirwa zvezvazuva ano zvinogona kukanganisa ushamwari.

Bvunza Vadzidzi Vako

Mimwe mienzaniso ndeipi?

Zvii zvingaitwa pakupedza matambudziko akadaro?

Nhaurirano yataita kusvika pari zvino yatidzidzisei nezvezvingaitwa neruzivo rwekugadzirwa kwezvinhu paushamwari?

Mutambo Wekirasi

Ita kuti vadzidzi vabude vava neruzivo rwezvakanakira uye zvakaipira zvigadzirwa zvezvazuva ano paushamwari.

Kumira Mumutsetse

Chikamu Chekutanga

Udza Vadzidzi Vako

Ngatimbonyatsotarisai unhu hunoitika pakushamwaridzana hwakanaka uye husina kunaka, toona kuti zvinopinda papi.

Ndichapa mumwe nemumwe kapepa kanonamira. Pakapepa kanonamira pane zvinoitika pakushamwaridzana, zvakadai se “kutumira mumwe wako mameseji 24/7” kana “kuchinjana mapasiwedhi epaindaneti.” Kana ndangokupa kapepa kako, ndinoda kuti ubva wasimuka wonomira mberi kwekirasi. Kudivi rimwe rekirasi ndiko kune unhu hwakanaka chaizvo paushamwari, uye kune rimwe divi ndiko kune unhu husina kunaka zvachose.

Paunouya, funga kuti unhu huri pakadhi hwakanaka here kana kuti hwakaipa, womira mumutsetse. Semuenzaniso, kana uchifunga kuti “kutumira mumwe wako mameseji 24/7” hakuiti pane “kufarira uye kupfuudzawo zvese zvinonyorwa neshamwari yako,” saka mira nechekudivi reunhu husina kunaka.

Mutambo Wekirasi

Zvingangonyorwa pamakadhi ndeizvi:

1. Kutumira mumwe wako mameseji 24/7
2. Kuchinjana mapasiwedhi epaindaneti
3. Kuverenga mameseji eshamwari yako asina kukubvumidza
4. Kutaura nevanhu vausingazivi / vanhu vausinganyatsozivi paindaneti
5. Kunyora mashoko ekutuka pachidziro chemumwe
6. Kutumira mashoko ekuti “urare zvakanaka” kana kuti “wamuka sei” (zvichida zuva nezuva) kumunhu waunoda
7. Kutaura nezvekunetsana kwawakaita neshamwari uchinyora paindaneti
8. Kufarira uye kupfuudza zvese zvinenge zvaiswa neshamwari dzako
9. Kunyora mashoko uchishandisa akaundi yeshamwari yako (uchishandisa zita rake)
10. Kutega shamwari dzako pamifananidzo yepapati

11. Kuparadzira makuhwa nezveshamwari yako panzvimbo yekukurukura nayo

Vadzidzi pavanenge vachiuya vachimira mumutsetse, vabvunze kuti sei vamira divi ravamira, uye ita kuti vachinje divi kana vachida.

Kana vadzidzi vamira muzvikamu zvavo, ita kuti vanamire tumapepa kumadziro nechemberi kwekirasi vodzoka zvisvoma kuti vanyatsoona zvese.

Mutambo Wekirasi

Kana vachida, vadzidzi vanogona kupindura mibvunzo miviri yekutanga iri pazasi apa vachiita zvekukurukura, pane kunyora pasi pamapepa anonamira voaisa kumadziro mberi kwekirasi.

Bvunza Vadzidzi Vako

Pane umwe unhu husina kunaka hwamungafunga nezvahwo here?

Pane umwe unhu hwakanaka hwamungafunga nezvahwo here?

Pane nzira imwe chete yekumira nayo mumutsetse here? Nemhaka yei / nei zvisina kudaro? Munobvumirana nazvo mose here?

Bvunza Vadzidzi Vako

Tinoisa unhu uhwu mumutsetse hwakarongwa kubva pakuva hwakanaka kuenda pakuva husina kunaka. Asi, pane pamwe pekuti unhu hwakanaka hunogona kuchinja kuva husina kunaka here? Kana kuti kubva pakuva husina kunaka hwova hwakanaka here? Izvi zvingadaro papi?

Kana X huri unhu husina kunaka [sarudza unhu hwaiswa nevadzidzi kudivi rakanzi 'husina kunaka'], ungaita sei kuti uzvigadzirise?

Ungaudza sei mumwe munhu anenge achiita zvinhu zvisingakufadzi?

Basa Rekuita

Chikamu Chekutanga

Udza Vadzidzi Vako

Nhasi tataura zvakawanda nezvezvinhu zvakagadzirwa uye ushamwari. Iye zvino mavhurika pfungwa, ungaudza vamwe vasipo uchiti kudii? Ndeipi mitambo kana mabasa aungaita kukurudzira vezera rako kuti vave vamiririri kana vakaona chimwe chinhu chinogona kukanganisa ushamwari?

Basa Rekuita

Kamura vadzidzi kuitwa zvikwata zvevanhu 3 kana 4.

Udza Vadzidzi Vako

Tine pfungwa mbiri pano dzezvatingaita, asi kana uine imwe pfungwa, ishandise! Une maminiti 30:

1. Pfungwa #1: Nyora mashoko nezvechiitiko chingaitwa nevadzidzi vepachikoro chenyu kana kuti vanhu vemunharaunda chakanangana nezvigadzirwa paushamwari. Chiitiko ichi inogona kuva nyaya inorondedzerwa / nhaurirano, mushandirapamwe wakadai sewekuti “Vhiki Rekuratidza Vamwe Rudo,” kana kuti ngaave masiraidhi! Varatidze kuti vangashandisa sei zvinhu zvakadai seFacebook kana Twitter pakushambadzira chiitiko chacho. Vanogonawo kushandisa zvinhu zvinoonekwa (zvakadhirowewa, mifananidzo, nezvimwe.)
2. Pfungwa #2: Nyora nyaya ine chekuita neushamwari (vangave varumudzani, kana shamwari dzepachikoro) uye ratidza kuti ushamwari uhu hungachinjwa sei nekushandisa indaneti pakukururirana. Unogona kuekita kamutambo, kugadzira zvinoonekwa (angave makatuni), kana kuti nyora nyaya yekufungidzira paFacebook kana paTwitter . . . sarudza chero zvawada!

Chikamu Chechipiri

Basa Rekuita

Kana maminiti 30 apera, ita kuti zvikwata zvitaure zvavagadzira mokurukura mose mibvunzo iri pasi apa.

Bvunza Vadzidzi Vako

Muri kuda kukurukura nyaya ine musoro upi? Muri kuda kuti vanhu vadzidze chii kubva panyaya yenyu?

Nyaya iyi ingabatsira sei chikoro chenyu / nharaunda / shamwari?

Ndivanani vamuri kuda kuudza nyaya iyi?

Muchashambadzira sei nyaya iyi kuti vamuri kuda kuudza vazive nezvayo?

Munofunga kuti vamuchaudza vachaita sei nemashoko aya?

Kuzviongorora Pakupedzisira

Kuzviongorora

Udza Vadzidzi Vako

Tinovimba kuti mose makwanisa kudzamisa pfungwa muchifunga nezvekushamwaridzana zvakanaka, kunyanya panyaya yekuti zvigadzirwa zvachinja sei zvinhu. Tanga tichidawo kuti mufunge nezvenzira dzamunokwanisa kukurudzira nadzo shamwari dzenyu kuti 'dzimirire' vamwe, kana kuzvimirira nevamwe pavanoona chimwe chinhu chisingavaitiri zvakanaka kana chimwe chinhu chingakuvadza vamwe vanhu.

Bvunza Vadzidzi Vako

Ndezvipi zvimwe zvinhu zvamadzidza?

Ndezvipi zvanyanya kukufadza? Nemhaka yei?

Ndezvipi zvausina kunyanya kufara nazvo? Nemhaka yei?

Ungashandisa sei zvawadzidza kana zvawaita, muupenyu hwako?

Ungatsanangurira sei shamwari dzako zvawaita?

Ndechipi chinhu chitsva chawadzidza kana kuti chakushamisa?

Une mubvunzo here nezvekushamwaridzana zvakanaka kana kuti zvisina kunaka?